

AFIDAVI POU KORIJE BILTEN VÒT PWOVIZWA

Afidavi sa a se pou votè ki gen sètifika bilten vòt pwovizwa li ki pa gen siyati oswa siyati a pa koresponn avèk siyati votè a gen nan dosye.

- I. ENSTRIKSYON** – Li enstriksyon sa yo avèk anpil atansyon anvan w ranpli afidavi a. Si ou pa swiv enstriksyon sa yo, sa ka lakoz yo pa konte bilten vòt ou a. Pou korije siyati ki manke a oswa diferans siyati sou Sètifica ak Afimasyon Bilten Vòt Pwovizwa yon Votè, ou dwe ranpli afidavi ou a epi retounen l pi vit ke posib pou li kapab rive nan Biwo Sipèvizi Eleksyon an pa pita pase 5:00 p.m. nan 2yèm jou apre eleksyon an. Ou dwe:

- Ranpli afidavi an epi siyen non w sou liy ki anwo (Siyati Votè a).**
- Mete yon kopi youn nan pyès idantifikasyon (ID) ki annapre yo:**

Nivo 1: Idantifikasyon – Yon pyès idantite ajou epi valid ki gen ladan non ou ak foto w: Lisans chofè Florid; kat didantite Florid ke Depatman Sekirite Woutye ak Veyikil a Motè a emèt; paspò ameriken; kat debi oswa kredi; oswa kat militè, etidyan, sant retrèt, asosyasyon katye, oswa asistans publik; kat sante Veteran ke Depatman Zafè Veteran Etazini emèt; lisans Florid pou pote zam oswa zam afe kache; oswa kat anplwaye ke nenpòt ki branch, depatman, ajans, oswa antite nan Gouvènman Federal la, eta a, yon konte, oswa yon minisipalite emèt.

Oswa

Nivo 2: Idantifikasyon – SÈLMAN SI OU PA GENYEN YON FÒM IDANTIFIKASYON NIVO 1 – Pyès idantite ki montre non ou ak adres rezidans ajou w: bòdwo sèvis publik ajou; relve labank; chèk gouvènman; chèk travay; oswa dokiman gouvènman (kat enfòmasyon votè pa ladan).

- Remèt afidavi ranpli a ak yon kopi idantifikasyon ou bay Biwo Sipèvizi Eleksyon Miami-Dade la nan youn nan fason ki annapre yo:**

Lapòs: Office of the Supervisor of Elections
PO Box 521550
Miami, FL 33152-1550
Verifye si gen ase tenm

Imel: pbaffidavit@votemiamidade.gov OSWA **Faks:** 305-499-8371
Mete dokiman kòm pyès atache

Soumèt yon afidavi bilten vòt pwovizwa pa etabli elijibilite w pou vote nan eleksyon sa a oswa garanti ke yo pral konte bilten vòt ou a. Komisyon elektoral a detèmine elijibilite w apati enfòmasyon ou bay sou Sètifica ak Afimasyon Bilten Vòt Pwovizwa yon Votè a, prèv ekri ou bay, ki gen ladan enfòmasyon nan afidavi koreksyon ou an avèk nenpòt idantifikasyon ak nenpòt lòt prèv sipèvizi eleksyon an oswa yon pwovokatè a prezante. Ou ka byen bezwen prezante lòt prèv ekri pou sipòte elijibilite w pou vote.

II. AFIDAVI

Mwen, _____, se yon votè kalifye nan eleksyon sa a epi
(Ekri non votè a)

yon votè enskri nan Konte _____, Florid. Mwen jire solanèlman oswa afime ke
(Ekri non Konte a)

mwen te vote avèk yon bilten vòt pwovizwa epi mwen pat vote ni mwen pap vote plis pase yon sèl bilten vòt nan eleksyon sa a. Mwen konprann si m komèt oswa mwen eseye komèt nenpòt fwod ki gen rapò ak vote, vote ak yon fo bilten vòt, oswa vote plis pase yon fwa nan yon eleksyon, yo ka kondane m pou yon krim grav twazyèm degré ak peye yon amann rive jiska \$5,000 epi ale nan prizon pou jiska 5 lane. Mwen konprann si mwen pa siyen afidavi sa a, sa va anile bilten vòt mwen an.

(Siyati votè a)

FVRS# _____
(Opsyonèl)

(Adrès votè a)